



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PWOJÈ 28.5 MILYON DOLA POU REYABILITE PON YO SOU OTOWOUT STATEN ISLAND LAN**

***Pon yo konekte Woolley Avenue ak Bradley Avenue sou Otowout Staten Island lan nan Konte Richmond***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon pwojè 28.5 milyon dola pou reyabilite de pon sou Otowout Staten Island lan (Interstate 278). Pon yo, yo chak gen plis pase 60 ane, konekte Woolley Avenue ak Bradley Avenue sou Otowout Staten Island lan. Tou de estrikti yo te resevwa nouvo teras pon yo ak lòt amelyorasyon ki pral pwolonje dire lavi yo nan anviwon 40 ane epi redui nesosite pou antretyen alavni.

"Eta New York angaje pou rekonstwi enfrastrikti nou ak asire rezo transpò nou an rete an sekirite ak fyab, sa ki pral pèmèt ekonomi nou yo rete konekte ak devlope ekonomi nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finisman pwojè sa a sou Staten Island pral fasilite sikilasyon epi amelyore sekirite piblik atravè koridò sa a ki frekante anpil nan amelyore ak modènize estrikti sa yo, pou asire ke moun ak komès kontinye deplase fasil nan tout minisipalite a."

Pwojè a, ki te kòmanse nan mwa jen 2022, te ranplase teras pon an beton yo, twotwa yo ak ba asye yo, pentire asye estriktirèl la epi repare pout asye estriktirèl yo ak beton sou kolòn debakadè yo ak sipò sou tou de estrikti yo. Anplis de sa, yo te retire balistrad asye pon yo, epi yo te enstale nouvo baryè sekirite an beton. Tou de pon yo, ki sitiye nan anviwon yon mètr distans, te reyabilite ansanm pou akselere konstriksyon an.

Yo te ranplase ekleraj lari, ajoute mak chose refè sifas chose a nan entèseksyon yo nan limit pwojè yo. Ranp twotwa ki egziste deja yo te modènize pou yo konfòme yo ak Lwa sou Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) a, pandan yo te ranplase ak amelyore siyal sikilasyon yo epi yo te mete yo ajou tou pou yo gen ladan yo Siyal pou Pyeton Aksesib (Accessible Pedestrian Signals, APS), aparèy ki kominike enfòmasyon sou sik "Mache" ak "Pa Mache" yo nan yon fòm ki pa vizyèl pou pyeton ki avèg epi gen pwoblèm vizyon yo.

Anplis de sa, yo te itilize teknoloji avanse pou ede prezève dire lavi pon yo, sa gen ladan itilizasyon "dal koneksyon yo" olye jwenti pon yo. Dal koneksyon yo, ki gen ladan beton, fèt pou konekte kontinyèlman de trave adjasan yo, sa k ap elimine jwenti pon yo

ki bezwen antretyen regilye akòz imidite ki koule nan yo. Yo te itilize tou Beton Polimè Polyestè (Polyester Polymer Concrete, PPC), yon kalite beton ki bay pwoteksyon enpèmeyabilizasyon sou sifas an beton sou kolòn pon ak sipò yo.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Gouvènè Hochul angaje l pou l rann enfrastrikti transpò New York la pi rezistan nan kominote yo atravè eta a. Avèk itilizasyon teknoloji avanse, pwojè enpòtan sa a ogmante rezistans estrikti sa yo epi amelyore sekirite piblik, pandan y ap diminye depans antretyen ki asosye ak yo – tout bagay sa yo bay Nouyòkè yo valè."

**Reprezantan Nicole Malliotakis, te deklare,** "Pon yo sou otowout Staten Island lan te bezwen reyabilitasyon dezespere apre yo te fin epwize pandan plis pase swasant ane pa gwo volim sikilasyon vwayajè yo. Lè nou fè reparasyon estriktirèl enpòtan ak amelyorasyon ADA, nou te amelyore sekirite pon yo epi pwolonje lavi sèvis estrikti sa yo pou yon karant ane anplis. Mwen fyè dèske mwen te vote pou lwa enfrastrikti federal ki te bay finansman pou fè pwojè sa a vin yon reyalite."

**Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul pou investisman sa a nan Staten Island. Asire ke pon nou yo ka sipòte kominote a efektivman epi bay sekirite ak antretyen yo priyorite se kle pou pwoteje byennèt rezidan yo."

**Senatè Eta a Andrew Lanza te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Dominguez pou reyabilitasyon de pon sa yo pou amelyore sekirite ak rezistans pou otomobilis yo. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye nou pou pote lòt amelyorasyon ki nesèsè nan enfrastrikti transpò Staten Island lan."

**Manm Asanble Charles D. Fall te deklare,** "Staten Island te fè fas ak bezwen enfrastrikti ijan depi lontan, epi pwojè sa a dirèkteman adrese enkyetid sa yo. Amelyorasyon pon Woolley Avenue ak Bradley Avenue se yon amelyorasyon enpòtan anpil epi ki nesèsè anpil k ap amelyore sekirite ak efikasite rezo transpò nou an. Asire enfrastrikti nou an rete modèn ak fyab esansyèl pou byennèt ak pwosperite rezidan nou yo. Mwen vle remèsye sensèman Gouvènè Hochul pou angajman li fè pou fè amelyorasyon enpòtan sa yo vin yon reyalite pou minisipalite nou an."

**Manm Asanble Sam T. Pirozzolo, te deklare,** "Mwen kontan anpil paske pwojè sa a ke yo t ap tann depi lontan yo finalman fini! Avèk amelyorasyon sa yo ki gen ladan inovasyon avanse, SIE ak pasaj siperyè li yo pral pi an sekirite, pi aksesib epi dire nou pi lontan ankò. Mèsi Gouvènè Hochul, Komisyonè Dominquez, ak NYSDOT pou travay yo fè pou asire travay ki nesèsè sa a te fèt."

**Prezidan Awondisman Staten Island lan, Vito Fosella, te deklare,** "Nou kontan dèske kèk nan pon yo sou Otowout Staten Island lan te vin pi solid nan domèn estriktirèl, epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou efò sa yo. Sekirite dwe toujou pi gwo priyorite a. Etandone enpòtans otowout la pou rezidan Island yo, nou akeyi epi nou

bezwen plis amelyorasyon pou fè kondui vin mwens douloure epi bay mwens estrès. Nou pare, nou dispoze epi nou kapab travay avèk nenpòt moun pou fè sa rive."

**Manm Konsèy Vil New York la, Kamillah Hanks, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m wè envestisman sibstansyèl nan enfrastrikti nou an atravè finansman BRIDGE NY la. Reyabilitasyon pon yo sou Staten Island Expressway la enpòtan anpil pou asire sekirite ak rezistans rezo transpò nou an. Finansman sa a pral non sèlman amelyore sekirite piblik men tou, li pral ranfòse kapasite kominote nou an pou reziste kont enpak chanjman klimatik yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman li pou amelyore enfrastrikti nou yo ak sipòte kominote lokal yo atravè eta a."

**Manm Konsil Vil New York David Carr, te deklare,** "Envestisman nan enfrastrikti enpòtan nou an enpòtan anpil, epi mwen remèsye Gouvènè a ak Senatè Andrew Lanza pou sipò yo nan pwojè sa a. Elektè mwen yo pral kontan konnen travay enpòtan sa a finalman rive nan fen an."

**Konsènan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta**  
Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou Facebook, swiv nou sou X oswa Instagram, oswa vizite sitwèb nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil 511NY la gratis.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)